

19 Mas 2020

Chanjman ki fèt pou semès Prentan 2020 an

Chè kominote ki nan Inivèsite Maryland lan,

Pandan devlopman ensèten yon kriz lasante ki envizib epi rapid, nou swete ou menm ak fanmi w byen epi an sekirite.

Nou panse ke fòk nou kenbe yon distans fizik youn ak lòt, detèminasyon nou ak aksyon nou se rasin obligasyon nou youn ak lòt. Se vilnerabilite nou ki konekte nou. Ijans global sa a pral mande anpil efò nan nou tout, men kominote nou an pare pou li leve defi sa a. Ansanm nou gen kapasite pou nou pase kriz sa a, ak detèminasyon epi konpasyon.

Edikasyon sou entènèt

Bonè jodia, Gouvènè Hogan te fè konnen tout enstitisyon ki nan Sistèm Inivèsite Maryland (SIM) lan (University System of Maryland) dwe pwolonje edikasyon sou entènèt pou rès semès la. Direksyon Rektè SIM yo (USM) dakò desizyon sa a aprè midi a. Kidonk, tout enstriksyon UMD sou entènèt, ki te deja pwograme pou komanse 30 Mas 2020, pral kontinye jiskaske ane akademik la fini.

Manb fakilte yo te gentan komanse prepare ak anpil dilijans pou edikasyon vityèl. Ak kowòdinasyon epi lidèchip direktis Mary Ann Rankin epi vis prezidan depatman teknoloji a JEFF Hollingsworth, Inivèsite a enpleman tès ak evalyasyon sekirite, tankou verifikasyon nouvo idantite ak lojisyèl pwoktò. Pou enstriksyon laboratwa, gen similasyon sou entènèt ak demonstrasyon sou videyo, ak resous pou manb fakilte yo sou keep Teaching.udm.edu. Pou enstriksyon pèfòmans ak estidyo, nou rive jwenn kapasite pou senkwonizasyon kontinyèl oswa senkwonizasyon ki pa kontinyèl pou pwodiksyon epi difizyon videyo. Pwofesè yo ak depatman administrasyon yo pral devlope solisyon endividyèl pou kou yo nan semèn k ap vini yo anvan kou yo rekomanse 30 Mas.

Nou okouran resous ki nesesè pou moun ki gen andikap yo, pou yo menm ak pwofesè yo kapab aksè ak akomodasyon nan edikasyon sou entènèt ak teletravay.

Anplis, depatman teknoloji a deploje nouvo teknoloji pou asire li ke gen ase kapasite pou sipòte gwo chanjman sa a nan anviwonman pou travay ak aprantisaj.

Etidyan ki rete sou kanpis la.

Avèk ekstansyon edikasyon sou entènèt la ki ap fèt jouk ane a fini an, kanpis inivèsite a ap femen ofisyèlman pou semès la 5 Avril 2020. Tout rezidan yo dwe demenaje rive dat sa a. Depatman Zafè Etidyan an ki sou sipèvizyon vis prezidan Patty Perillo a pral voye yon mesaj ak detay bay rezidan yo pou yon demenajman nan lòd sou kanpis inivèsite a, nan lide pou asire distans sosyal ak lasante epi sekirite etidyan yo.

Vis prezidan Perillo ak ekip li a pral kontinye travay ansanm ak etidyan ki pa gen altènatif oswa ki bezwen kote pou yo rete. Nou pral fè tout sa nou kapab pou nou ka pran swen etidyan nou yo pandan moman difisil sa a.

Teletravay

Pou tout anploye Inivèsite a ki kapab pèfome responsabilite travay yo adistans, teletravay la efektif rive o mwen 10 Avril 2020. Jan nou fè travay nou pral chanje depandaman ak siksè efò nou genyen pou nou frennen pwopagasyon pandemik sa a. Nou pral swiv konsèy federal, leta, ak ajans lokal yo, epi tou konsèy SIM (USM) lan, konsenan nenpòt chanjman sou jan nou fè travay nou. Resous Zimèn pral kominike nenpòt aktyalizasyon enpòtan bay tout anploye yo.

Enfòmasyon sou Gradyasyon

Tout mezi Inivèsite an ap pran, menm si sa nesèsè, pral kreye difikilte ak ensètete pou anpil moun nan kominote nou an. Mezi sa yo dwe respekte direktiv ak konsèy ki soti nan ajans leta yo epi ki soti nan Sistèm Inivèsite Maryland lan. Nan jou k ap vini yo, nou pral travay sou ajisteman nan pri chanm ak lojman yo.

Malerezman, pa pral gen gradiyasyon ak prezans moun pou Prentan 2020 an. Etidyan ki pral gradye yo te travay di anpil epi nou konnen ke yo menm ak fanmi yo ta renmen selebre etap enpòtan sa a. Mwen ta renmen nou pataje panse nou avèk mwen sou yon altènativ ak yon inovasyon pou rekonèt okazyon sa a, ak anpil lajwa epi sekirite. Ou kapab voye yon imèl pou mwen nan president@umd.edu.

Aktyalizasyon ak resous

Tanpi kontinye verifeye umd.edu/virusinfo epi tout kominikasyon Inivèsite a sou aktyalizasyon sou COVID-19 la. Silvouplè voye yon imèl bay healthconcerns@umd.edu pou tout kesyon ki konsene viris korona a epi ki pa medikal.

Pou sipò mantal pou etidyan yo, tanpri rele sant konseyman an nan 301.314.7651. Konseye yo disponib pou sèvis adistans soti LENDI RIVE VANDREDI, 8:30 AM rive 4:30 PM, epi sipè pou kriz aprè lè travay yo disponib apre lè sa yo epi pandan wikenn. Manb fakilte a ak ekip la kapa kontakte Pwogram Asistans pou ekip Fakilte a.

Mèsi

Mwen vle remèsye tout manb fakilte a ki ap travay d, ekip yo, manb administrasyon an, etidyan yo, ak tout pwofesyonèl lasante nan Sant Lasante Inivèsite a, pou dedikasyon nou ak sèvis nou nan moman difisil sa a. Epi tou, n ap remèsye Depatman Lapolis la pou kontinyite yo epi angajman yo pou sèvi nou. Depi nou tout fè devwa sivil nou pou ede frennen transmasyon viris korona sa a, lavi nou ap tounen a nòmal anvan nou bat zye nou.

Mwen vle fini epi tout di nou ke viris sa a pa fè diskriminasyon a pati idantite moun. Sa fè nou sonje ke nou tout se èt imen ki sot nan menm fanmi an, epi fòk nou tout travau ansanm pou nou youn sipòte lòt.

Sensèman,

Wallace D. Loh

Prezidan Inivèsite Maryland